Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 3 (78048)
16 Январь
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»

Данделъи: призыв

## СВОялъул суалгун



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетIерасул кабинеталъуб букIана жамгIияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъ бетIерасул зам М.ХIамзатовги гIахьаллъараб данделъи. Гьединго гьенире ракIарун рукIана росабазул бутIрул ва цо-цо нухмалъулел. Тадбиралда гIахьаллъана СВОялъул ветераназул ассоциациялъул нухмалъулев Ш. ГIабдулаев, районалъул прокурор М. Гъапуров, «Унсоколо район» МОялъул социалияб рахъалъ гIадамал цIуниялъул ГКУялъул нач. ГI. ХIамзатов, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул рахъалъ Централъул нач. Рашид АхIмадов, районалъул централияб больницаялъул бетIерай врач ГI. МухIамадова, гIадамазе социалияб рахъалъ кумек гьабиялъул централъул зав. Э. ХIусейнова.

Данделъиялда тIоцебесеб суал букIана СВОялда гIахьаллъулезул хъизаназе кумек-кверчIвай гьаби. Гьеб суалалдасан кIалъалаго бетIер ГI. НурмухIамадовас бихьизабуна рагъулаб хъулухъ гIолилаз тIубазабиялъул бугеб х1ал. Ни-лъеда кинабго рахъ лъан букIине кколин т1адч1ей гьабуна гьес. -ТIадаб буго гьединазул хъизаназе щвалде щвараб кумек гьабиялъе киналго рекъон хIалт1и гьабизе.

Гьединго данделъиялда кIвар буссинабуна армиялде ахIиялъул суалазде, ай бихьизабуна повесткаби рикьиялдаса комиссиялде документал кьеялде щвезег1ан гьаризесел хIалтIаби. Гьенибго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна призыв халат бахъине бугин рагъул ахир лъугьинегIан. ВатIан цIуни щивасул тIадаб иш бук1ин бич1ч1изабизе кколин г1олеб г1елалда. Данделъиялда кIвар кьуна цогидалги районалда унел хIалтIаби хехлъизариялде руссарал суалазде.

Халкъияб проект

## Кумекалъухъ-баркала





Гьал къоязда «Бузнаса нух» халкъияб проекталда рекъон хIалтIи гьабулев Дибиров МухIамадкамиль МухIамадвичасул бихьизабиялда рекъон «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадовасе кьуна гьеб умумузул халкъияб нух рукIалиде ккезабиялъе ва цIияб бахъиялъе гьабураб кумекалъухъ Баркалаялъул кагъат. Гьелда бихьизабун буго: гьаб шапакъат кколин районалъ нух къачIаялъе ва бахъиялъе бакIарулеб гIарцухъ, гьеб ишалъе гьабулеб кумекалъухъ кьолеб шапакъат,-абун.

Спорт

## МустахIикъазе-шапакъатал



ЦIияб Соналда цересел къоял рохалилаллъун рукIана районалъул цо-цоязе. Гьеб рохалилаблъун лъугьана Дагъистан республикаялъул мустахIикъав тренер,СССРалъул ва Россиялъул миллияб борьбаялъул рахъалъ спорталъул мастер, Шамильхъала поселокалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул директор ШагIбанов ТIагьир ТIагьировичасеги. ЦIияб Соналда цебе хIурматияб грамотаялдалъун кIодо гьавуна гьев районалъул администрациялъ. Гьесул гIемер саназул захIмат ва спорталъе гIоло гьабулеб ишалъе бугеб ритIухълъи мисал лъун буго гIемерисел гIолеб гIелалъе.



Гьединго ЦIияб Соналда цебе районалъул администрациялъ хIурматиял грамотаби кьуна волейболалъул рахъалъ тренер Хадижат Къасумовалъе, махщел камилав тренер ва боксер И. Къадиевасе.

ГIемерлъаги нилъее бажари бугел гIолилал!

## Обновлен порядок назначения ежегодной денежной выплаты лицам, награжденным знаком «Почетный донор России»

Приказом Минздрава России от 06.05.2024 N 228н»Об утверждении Порядка осуществления ежегодной денежной выплаты лицам, награжденным нагрудным знаком «Почетный донор России» Зарегистрировано в числе прочего предусмотрена возможность подачи заявления об установлении ежегодной денежной выплаты путем обращения в МФЦ.

Также установлено, что с 30 ноября 2024 года лицу, имеющему право на выплату, ее назначение осуществляется в проактивном режиме при предоставлении согласия посредством единого портала Госуслуг на использование указанных гражданином реквизитов банковских счетов в целях получения мер соцзащиты.

## Особенности назначения ежемесячного пособия в связи с рождением и воспитанием ребенка




С 5 августа 2024 вступают в силу дополнения, внесенные в постановление Правительства Российской Федерации от 16.12.2022 № 2330 «О порядке назначения и выплаты ежемесячного пособия в связи с рождением и воспитанием ребенка».

Введен порядок назначения пособия по месту пребывания или фактического проживания, если заявление подали не в том регионе, где раньше получали выплаты.

Сначала орган, осуществляющий назначение и выплату ежемесячного пособия, сопоставляет субъект Российской Федерации, в котором подано заявление о назначении ежемесячного пособия, с субъектом Российской Федерации, в котором находится налоговый агент заявителя; назначены меры социальной поддержки, пособие по безработице, пенсия по старости, по потере кормильца или по инвалидности; заявитель и (или) его супруга (супруг) ведут традиционный образ жизни и традиционную хозяйственную деятельность как лица, относящиеся к коренным малочисленным народам Севера, Сибири и Дальнего Востока Российской Федерации и др.

В случае совпадения субъекта Российской Федерации, в котором подано заявление о назначении пособия, с субъектом Российской Федерации, в котором установлен один из указанных фактов при условии отсутствия несовпадения субъектов Российской Федерации по иным основаниям, ежемесячное пособие назначается без предоставления дополнительных документов.

Если совпадения отсутствуют, заявителю придется представить один из документов, подтверждающих проживание по адресу из заявления. Это может быть, например, договор найма жилья, справка о посещении ребенком детского сада или школы, профессиональной образовательной организации или образовательной организации высшего образования.

При отсутствии подтверждающего документа в пособии откажут.

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ИРГАНАЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

**Инд.368942 село Ирганай Унцукульского района РД тел. 89634083506 e-mail: mo_irganay@mail.ru**

**«09» Января 2025г.** **№ 2**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**«О проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка»**

Рассмотрев заявление гр. Балаева Магомеда Ахмедовича и руководствуясь ст. 39 градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом № 131-ФЗ от 06.10.2003 «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Администрация муниципального образования «село Ирганай» **постановляет:**

1 Провести публичные слушания по изменению вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером: **05:35:000007:757,** площадью 1569 кв.м., с - «Для ведения личного подсобного хозяйства» на вид разрешенного использования «предпринимательство с кодом- 4.0», расположенного по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский р-н, с. Ирганай. Создать комиссию по организации и проведению публичных слушаний в составе согласно приложению 1

2 Публичные слушания назначить на **10.02.2025г.** в 10 часов 00 минут по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. Имама Шамиля 64 (в кабинете главы администрации);

3 Опубликовать извещение о проведении публичных слушаний на официальном сайте Администрации муниципального образования «село Ирганай» в сети интернет: https://irganay.gosuslugi.ru/ и в газете «Садовод»;

Постановление вступает в силу со дня подписания.

**Глава Администрации**
**МО «село Ирганай»**
**У.Х. Джамалудинов**

## РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО ИРГАНАЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА

**Инд.368942 село Ирганай Унцукульского района РД тел. 89634083506 e-mail: mo_irganay@mail.ru**

**«09» Января 2025г.** **№ 3**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ

**«О проведении публичных слушаний по изменению вида разрешенного использования земельного участка»**

Рассмотрев заявление гр. Ахмедова Рамазана Запировича и руководствуясь ст. 39 градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом № 131-ФЗ от 06.10.2003 «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Администрация муниципального образования «село Ирганай» постановляет:

4 Провести публичные слушания по изменению вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером: 05:35:000007:1309, площадью 1900 кв.м., с - «Для ведения личного подсобного хозяйства» на вид разрешенного использования «предпринимательство с кодом- 4.0», расположенного по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский р-н, с. Ирганай, в местности «Ч!охо К!к!ал».

5 Создать комиссию по организации и проведению публичных слушаний в составе согласно приложению 1

6 Публичные слушания назначить на 10.02.2025г. в 10 часов 00 минут по адресу: Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Ирганай, ул. Имама Шамиля 64 (в кабинете главы администрации);

7 Опубликовать извещение о проведении публичных слушаний на официальном сайте Администрации муниципального образования «село Ирганай» в сети интернет: https://irganay.gosuslugi.ru/ и в газете «Садовод»; Постановление вступает в силу со дня подписания.

**Глава Администрации**
**МО «село Ирганай»**
**У.Х. Джамалудинов**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 3 (78048)
Хамиз 16 Январь
2025 г

3 гьумер

Садовод

Страница в номере




# Информирование, контакт-центр, консультирование и защита прав граждан в сфере ОМС

Одной из основных задач деятельности ФОМС и страховой медицинской организации МАКС – М является защита прав застрахованных граждан. Застрахованный по ОМС имеет право на получение доступной, бесплатной и качественной медицинской помощи в рамках программ ОМС, новациях базовой программы ОМС, в том числе в части повышения приоритетности первичной медико-санитарной помощи выявление проблем, связанных с доступностью и качеством медицинской помощи. У застрахованных граждан есть права в системе ОМС и их надо знать всем. Застрахованным должна быть предоставлена информация о возможностях работы контакт-центров и каналов связи, функционирующих в медицинских организациях, консультирования и защиты прав граждан, урегулирования жалоб в досудебном порядке. Существуют подробные описания видов, условий и порядков оказания бесплатной медицинской помощи, оказываемой застрахованным в рамках Программы госгарантий бесплатного оказания гражданам медицинской помощи. Таким образом, каждому, имеющему полис ОМС положена:

1 Вся поликлиническая помощь

2 Лечение в больнице, включая высокотехнологичную медицинскую помощь.

3 Паллиативная помощь.

4 Скорая помощь.

Лечащий врач бесплатно выдаёт пациенту направления на диагностические и лабораторные исследования при наличии показаний по заболеванию. Если вы находитесь на лечении в стационаре, то лекарственными препаратами и расходными материалами вы должны быть обеспечены. Если вы лечитесь амбулаторно, лечение назначенные врачом, приобретаете сами. Все граждане могут проходить бесплатно диспансеризацию. А работающие граждане для этих целей получают дополнительный выходной день. В случаях, когда обстоятельства, послужившие основанием для жалобы, уже не могут быть устранены в режиме оперативного решения правовых вопросов получения бесплатной медицинской помощи, гражданину в форме консультации разъясняются порядок и основания обращения с письменной жалобой непосредственно в страховую медицинскую организацию, оформившую полис ОМС.

С целью своевременного получения застрахованными лицами бесплатной, доступной и качественной медицинской помощи в страховых медицинских организациях, организована деятельность страховых представителей, в обязанности которых входит не только консультирование и защита прав и законных интересов граждан в сфере ОМС. А также информирование и сопровождение застрахованных лиц при оказании им медицинской помощи, в т.ч. профилактических мероприятий.

Время работы страховых представителей в медицинских организациях указывается в графике работы, который размещается у регистратуры в поликлинике или на рабочем месте страхового представителя.

Любой пациент, имеющий полис ОМС может бесплатно защитить свои права, если они нарушены. В большинстве случаев застрахованному лицу достаточно лишь позвонить по телефону контакт – центра. Он есть на сайте страховой медицинской организации, которая выдала полис ОМС, её название и номер телефона для связи указаны в полисе ОМС. Если ваши права ущемляются, то надо обратиться к тем, кто эти права защищает, а именно к страховому представителю (сотруднику страховой компании) и, если жалоба обоснована, то страховой представитель поможет вам и будет защищать ваши права, поможет разобраться в ситуации, поговорит с главным врачом или заведующим отделением и вопрос будет решён.

В сфере ОМС функционирует контакт – центр, который предусматривает обратную связь: регистрацию, рассмотрение всех обращений. Он работает круглосуточно. Все консультации проводятся бесплатно, и обратиться на горячую линию в страховую компанию может каждый по любому, интересующему вас вопросу. Каждая жалоба застрахованного рассматривается. При необходимости эксперты выезжают на место оказания медпомощи.

**Круглосуточный телефон контакт – центра в сфере ОМС -8 800 222 29 05**

**Телефон горячей линии -8 800 333 00 3**

**Телефон Буйнакского филиала ТФОМС – 8 87(237) 2-92-27**

**Буйнакский филиал ТФОМС РД**

# «США страдают больше русских»:

### (Asia Times раскрыла Западу настоящие последствия санкций против России)

Попытки Запада подорвать экономику России оказались более болезненными для США, чем для РФ. К такому выводу пришло гонконгское издание Asia Times, оценив динамику американского госдолга. США и их европейские союзники заморозили российские резервы после начала СВО. Запад хотел нанести удар по экономике РФ, лишив ее доступа к многомиллиардным валютным накоплениям. Но автор Asia Times Дэвид П. Голдман пришел к выводу, что главными пострадавшими от данного решения стали сами Соединенные Штаты. Заморозка резервов России подорвала международное доверие к американским облигациям и доллару вообще.



По данным издания, китайские, индийские, турецкие, саудовские и другие банки стали переводить свои резервы в золото, защищенное от арестов и заморозок. Это усилило бюджетные и финансовые проблемы США в период, когда потребность Казначейства в заимствованиях резко выросла. Как отмечает Голдман, остальные экономические санкции против России, например, ограничения ее экспорта, также дали обратный эффект. Читатели Asia Times поддержали логику автора и раскритиковали санкционную политику США. По мнению англоязычной аудитории издания, недальновидные действия инициаторов давления на Россию могут привести к полномасштабной финансово-экономической катастрофе, если Штаты окажутся не в состоянии обслуживать свой колоссальный госдолг, а мировое доверие к доллару продолжит снижаться.

«Какая катастрофа, на стольких уровнях! Только подумайте. Доходы от подоходных налогов в США – 2,4 трлн долларов. Минус триллион на проценты, еще триллион Пентагону и на другие скрытые в недрах департаментов расходы безопасности – и останется совсем немного. А будет только хуже. Каждый подрыв репутации доллара бьет по американскому долгу. Мы катимся прямиком на уровень третьего мира, когда доходов уже не будет хватать для выплат по долгу», - пишет Felix I.

«Наконец-то США почувствовали вкус собственной горькой пилюли! Что за бесславный конец», - пишет Daniel D.«Что ж, получили по заслугам. Вот что происходит, когда вы поддерживаете единственную открыто нацистскую страну в Европе и препятствуете естественному порядку вещей в зоне исключительных российских интересов», - пишет John O. Провальные санкции против России создали на Западе дефицит энергоносителей и спровоцировали мощный рост инфляции, беспрецедентный для экономик США и Европы. Также международное сообщество убедилось в отсутствии у западных стран достаточного количества эффективных инструментов для принуждения РФ к смене политики финансово-экономическим путем.

## Рукъалъул хозяйкабазе малъа-хъваял

**Парталалъул гIумро кин халат гьабилеб?**

ХъахIаб партал чурулаго лъикI бацIцIалъула гьеб чурилалде цебе цо-кIиго сагIаталъ борная кислота жубараб лъелъ хIеккине тани (I-2 гъуд борная кислотаялъул I0 литр лъадада гъорлъе).

ГIемераб заманаялъ бегун тараб партал чурулаго гьеб I сагIаталъ хIеккинабизе лъикIаб буго 3 гъуд нашатыралъул спирталъул, цо гъуд скипидаралъул, цо столовояб гъуд одеколоналъул I0 литр лъелъ жубараб лъамалъиялъулъ.

Кьер бугеб партал машинаялъ чурулеб заманалда чара гьечIого жубазе ккола 2-3 столовияб гъуд цIамул. Гьелъ парталалъул кунчIи цIикIкIинабула ва чурун хадуб лъугьунеб букIкIин тIагIинабула.

Габанидул кунал гьабураб хъахIаб хамида утюгалъ лъугьинабураб тIогьилаб ланг инабула гьеб цIорораб лъелъги ччун, хлоралъул гачалъ лъулъани (I чайдул гъуд цо стакан лъелъе).

Квас-квасул ва габанидул ххам гьорон бачIуна лъелъ, хасго бухIараб лъеца чурулеб бугони ва бакъван хадуб гьеб цIакъго данде ун, къокълъула. Гьединлъидал, хIалтIизабилалде цIиго букIадго ххам бухIараб лъеца чурун бакъвазабула (цIазабичIого). Дарайдул ххамил партал яги цоги гьабураб жо чурун хадуб ххулизе ккола I0 литраялде гъорлъе 5 столоваялъул гъуд столовияб къанцIадул жубараб цIорораб лъеца.

**Лъалищ нужеда?**

Рокъоб букIунеб хIутI-хъумур, хасго иц хвезабиялъе бищунго лъикIаб буго, щибго нилъее заралги гьечIеб, гIисин гьабун буссараб ромашкаялъул тIугьдул. Гьелъул лъамалъи пунхъизе ккола гьел рукIунеб бакIалде.

ТIутIазе бищунго бокьуларо пижма абулеб хер. Гьеб рокъоб лъуни тIутIал рокъоре къаларо.

ЦIунцIрабазде данде хIалтIизабизе лъикIаб буго рукъалъул шартIазда хIадурараб реччел. Рокъор гьел гIемерлъулел ругони, бакъвадго буцараб гьелда гъорлъе жубазе ккола варенье яги гьоцIо. Гьеб цIунцIрабаз гьираялда кванала, хадур хола.

Партал-хьитазда иц бачIого букIине чунтбузухъ лъезе лъикIаб буго апельсиналъул макъар яги танхьил тIамах.

**ЦIам кин рекъезабулеб?**

**Буцараб ролъуе**:
Цо кг. буцараб ролъуе – 5-I2 гр. цIам.

**Гьанал котлетазе:**
Буссараб гьанал цо килограммалъе – 20 гр. цIамул.

**ЧчугIил котлетазе:** цо кило ччугIил филеялъе хIажалъула 20 гр. цIам. Гьединабго къадар цIамул хIажалъула гречкаялъул каша хIадурулаго. Рисалъул цо килоялъул каша хIадурулеб бугони, базе ккола 28 гр. цIамул.

**Баян:** цо чайдул гъудалда жанибе уна I0 гр. цIамул.

## Зигара

«Унсоколо район» МОялъул администрациялъул, гьелъул отделазул тIоалго хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго райадминистрациялъул спорталъул комитеталъул хIалтIухъан МухIамадида ва районалъул Собраниялъул хIалтIухъан Асиятида гьезул эмен ва вац.

**МухIамадгIали**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругезе сaброги кьеги.

*Поэзиялъул букIон*

## Бесдал эбелалъул гурхIелги цIобги



ТIаде баче юргъан, дир ургъелазда
Бокьун гьечIин дие лъидаго лъазе,
Рагьуге гордаби, къируге нуцIа
КъватIибе рагIилин хIинкъун йигин дун

ЧIегIераб шалалда гъоркье рахчарал
ХъахIал расал ругин гьелъие нугIзал,
Заман щвелалдего къулулеб бугеб
КъвакIараб мугъалда гьикъе кинабго.

Бесдал эбелалъул гурхIел -цIоб бергьун
ЦIорораб цо-цо хинкI щолаан къойил,
Къваридго теларин тамихI гьабизе
Тириго щолаан нижеда тIаде.

Чидар гъоркьа рокъоб, цIорораб хасел
ЦIа бакичIеб рокъоб лъимадуй басрияб ургу
Ункъабго лъимадуй басрияб ургу
Бусенги букIана бихьизабураб.

Бесдал эбелалъул кьабулеб хъатги
Кьур-кьурараб тIилгIан бакIаб букIана,
Берзул балагьиги кьогIаб букIана
Бицунеб рагIиги согIаб букIана.

Дун гьитIинай йикIун бичIулароан
Бицунеб абулеб рагIудал магIна,
Амма кIудияй яц цIакъ гIодулаан
ГIеларищ нижеда бихьараб къойин.

Къварилъиялъ кIвекIун, кIудиял гIуна
КIудаэбел гурхIун аск1ор рачана,
Инсул хинкIал щвечIо, гурде бихьичIо
Аллагьасул цIобалъ цIакъ лъикI хьихьана.

## Рагъда васалги чIван жийго хутIарай эбелалъе

ЦIорораб гъансито, чIунтараб мина
ЧIобого хутIараб тIутIураб азбар,
Гьороца къирула къваридаб каву
Кибго нусиречалъ лъурал бусаби.

Садакъадул гурга къватIибе кьезе
Жаниб свериялда гьечIев щивго чи,
Къулгьу алхIамалъе хабаде ине
ХутIун гьечIев нахъе цохIониги чи.

Рагъдаса русинчIел лъабавго васги
Гьезда хадув арав хирияв росги,
Радалги къасдеги къотIной гIодой чIун
Гьезухъ хал ккун чIарай, херай эбелги.

Угьи зигардиялъ черх загIиплъарай
Чохьол лъималазухъ тIул -ракI, бухIарай
ТIокIалъ хутIун гьечIев мугъ чIвазе инсан
Свараб чирахъухъе чвахулеб магIу.

## Лирика

### КIиго микки

Къасде дир горда гъоркь бецIлъухъе рештIун
КIиго микки буго, гъул-гъул бачунеб,
Цоялъ хабар бицун цояб белъула
Цогидалъ квер бахъун кепал росула.

РасанкIаби хIалел лъимал кинниги
Цоцазул мугIрузда килщал тункула,

ТалихIалъ гвангъарал берзул чIороца
ЧIорбида нур бараб канлъи рехула

Рогьалида канлъи рехулеб гIужалъ
РатIалъизе заман щвараб мехалда,
Хурхун цоцадегун рохел гьабун
Къваридго рахъ-рахъалъ роржун ана гьел.

### ТалихI кибе тIагIараб?

Дий бакараб чирахъ дур хъалаялда
ХъахIлъи рехилалде щайдай сун унеб,
Рохалица рукIел рекIелъ ккелалде
Каваби щай къарал дир къисматалъул.

Къо щун бакъул чIораз дун хинлъилалде
ЧIегIерал накIкIаца бакъ щай бахчараб,
Шагьри моцIрол канлъухъ ялагьилалде
Диде кверги хьвагIун киб гьеб тIагIараб!

Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА
САНИЯТ
КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский
район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@
yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 16. 01. 25 г.
16. 30
фактически -17. 00 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.